

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti
Tél. : 2943 0079
justicepaixha@yahoo.com

Mèkredi 12 dawou 2015

Twazyèm pozisyon Komisyon Jistis ak Lapè sou jounen vòt 9 dawou 2015 lan

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè te mobilize 1300 moun pou obsève premye tou eleksyon lejislatif 2015 yo. Lè nou konsidere eleksyon se yon egzèsis demokratik ki pèmèt enstitisyon yo pran rasin pou fè demokrasi boujonnen, toujou fidèl ak travay li, Komisyon an te founi je gade sou tout teritwa peyi a kijan pwosesis la tap dewoule. Menmsi jounen vòt la te rive nan bout li, gen divès aspè nan pwosesis la ki merite atansyon. Men sa Komisyon an te obsève :

1. Pou sa ki konsènen kantite elektè ki vote

Patisipasyon an te fèb anpil, kantite moun ki vote andeyò mandatè, obsèvatè pati politik ak moun ki nan aparèy elektoral la tankou manm BV yo pa depase 25 nan chak BV yo. Kantite mandatè yo te varye epi gen nan yo ki pat gen ki bonjan papye pou idantifye yo.

2. Pou sa ki konsènen Lapolis:

Menm si lapolis te genyen yon plan sekirite pou eleksyon yo, nan divès kote, prezans lapolis la te pi plis nan kèk zòn epi fèb nan kèk lòt. Divès mezi lapolis te prevwa epi anonse pat respekte. Paegzanp **machin, moto pat respekte distans 300 mètr biwo vòt la, te gen anpil zam ilegal ki te nan men bandi, tout mezi ki te anonse yo pat respekte.** Atoufè patizan kandida pwofite feblès lapolis pou fè dezòd, tankou tire wòch, tire kout zam ki blese oswa touye moun, bat manm biwo, plen bwat in, menase elektè, vòlè bwat in nan divès kote nan divès depatman nan peyi a:

- depatman Nò, nou note Limonad, Katye Moren, Gran Rivyè di Nò, Dondon, Fò Sen Michel nan vil okap.
- Sidès, nan Sant vòt Celie Lamour, nan Peredo, nan sant vòt Makari, nan komin Kay Jakmèl, nan Segen ak nan komin Marigo.
- Grandans sitou nan vil Jeremi, Nan 3 sant vot : Lise Nò Aleksy, Lise Jèn Fi ak lokal EFAKAP la.
- Nòdwès, nan Mòl Sen Nikola, nan Mawouj, nan lokalite Bono, san vòt Fatima nan vil Pòdpe.
- Nòdès, nan Terye Wouj, Granbasen, Wanament, Ferye, Bwadlorans.
- Latibonit, nan Dedin, nan Ti Rivyè Latibonit.
- Lwès la nou note lekòl Nasyonal Izidò Bwawon nan ri Lama, lekòl nasyonal Jan Franswa Koven nan ri Bòjla, sant vòt Riyèl Vayan, Lekòl Kolonbi nan Boudon, dezòd nan Jeremi, sant vòt Bwalo nan Kavayon, nan lekòl Sent Terèz, nan Aken, zòn 4yèm seksyon Jangle, anpil kout zam te tire nan lise Kafou Fèy sete gwo panik; nan komin Akayè, komin Kabarè, Komin Tigwav, Komin Leyogàn, Site Solèy, nan Kòniyon-Granbwa.

3. Pou sa ki konsènen obsèvatè, mandatè ak kandida yo:

Gen plizyè obsèvatè òganizasyon ki pran plas manm bv pou kapab jere enterè kèk pati politik, se konsa nan Jakmèl yon gwoup obsèvatè ki pote non MINOEH t ap pase manm bv lòd pou PHTK. Yon bagay ki nouvo fwa sa a, anpil òganizasyon ki t ap obsève eleksyon se swa yo pwòch pouvwa a oswa kèk pati politik. Nan diferan kote nan peyi a, te gen anpil mandatè pati politik ki te mele nan dezòd e menm kontinye ap fè kanpay nan sant ak biwo vòt anfavè kandida pa yo. Divès kandida ak patizan yo te mele nan vyolans, yo egzèse anpil presyon sou moun nan biwo vòt yo.

4. Pousa ki konsènen KEP a :

Machin konsèy elektoral la pat byen mache, lis elektoral yo pa kòrèk, divès elektè pat ka jwenn non yo sou lis pou al vote. Anpil pèsònèl pa montre konpetans yo nan travay yo te gen pou fè. Kat pou mandatè pati politik yo, kat akreditasyon pou obsèvatè ak pou jounalis pat pare atan, Nan plizyè biwo vòt te gen difikilte pou sitwayen yo jwenn non yo. Gen anpil sant vòt ki pat reponn pou resevwa pwosesis la tèlman espas yo te piti. Moun ki andikape, moun ki pa wè byen, moun ki nan laj avanse pa t kapab ranpli devwa sivik yo, paske pa t gen moun pou ede yo.

Gen lòt dispozisyon KEP a te pran nan pwosesis elektoral sa a ki pa t mache byen tankou : itilizasyon mwayen teknolojik yo (entènèt, sms) pou enskri,

pou jwenn biwo vòt, ak lòt enfòmasyon. Mwayen sa yo pa alapòte tout moun. Kanpay kominikasyon te manke fèt pou ede moun konnen kijan pou sèvi ak yo. Menm jan tou te manke kanpay pou montre elektè yo kouman pou yo vote.

Rekòmandasyon :

Annatandan yon rapò obsèvasyon ak plis detay, Komisyon Jistis ak Lapè mande pou KEP a:

- 1) fè lis elektoral pasyèl yo vin kòrèk epi pibliye nan tan rezonab pou moun yo gen fasilite pou verifye davans.
- 2) sèvi ak mwayen k ap ede popilasyon an konprann tout sa kap fèt.
- 3) tout konsèy ak direktiv KEP a pase dwe fonksyone jou eleksyon an. Si gen yon adrès SMS li dwe ap fonksyone jou eleksyon an. KEP a dwe kreye yon akò solid ak konpayi telefòn yo.
- 4) konsakre mitan mwa dawou a ak sektanm nan pou revize ak korije lis elektorel pasyèl la. Bay sitwayen yo plis opòtinite pou siyale adrès yo ki chanje. Pibliye nouvèl lis la nan mitan mwa sektanm pou sitwayen yo ka verifye.
- 5) biwo ak sant vòt yo byen lokalize nan bon espas, aksesib epi dispoze bon materyèl.
- 6) amande dekrè elektoral la pou rezoud kesyon kantite mandatè nan sant vòt yo. Chak pati politik ta dwe mete yon mandatè pou chak sant vòt. Li pa posib pou eleksyon an tounen eleksyon mandatè ak obsèvatè pati politik sèlman.
- 7) kat ak badj mandatè ak obsevatè nasyonal yo dwe pare yon semèn avan dat eleksyon an.
- 8) ajan sekirite KEP yo dwe pi byen seleksyone, yo dwe pi aktif e konnen wòl yo.
- 9) bay chak sant vòt yon moun ki gen dwa pou l ede elektè yo jwenn BV yo.
- 10) aji avèk fèmte kont tout kandida ak patizan yo kap fè vyolans. Konsa kandida sa a pa ka ale nan eleksyon k ap vini yo. Dwe gen verite ki pote sou tout bwat bilten yo vòlò oubyen disparèt.
- 11) konsidere esperyans travay obsèvatè yo toujou fè nan eleksyon pou amelyore òganizasyon eleksyon yo.
- 12) reyini ak kandida yo pou chak depatman konfwonte rezilta yo anvan piblikasyon yo, yon bagay ki ta ka ede redui kontestasyon yo paske 4 je kontre manti kaba.

Komisyon Jistis ak Lapè kwè eleksyon yo koute twòp lajan, se pou sa yo dwe byen òganize epi pèmèt patisipasyon reyèl sitwayen yo pou esprime yo.

Akòz eleksyon yo nan peyi d Ayiti mennen laperèz, moun pa soti al vote pou defann dwa yo. Gwo jefò dwe fèt nan nivo sosyete sivil la ak fòs moral yo pou ede retabli konfyans epi pou ankouraje sitwayen yo al ranpli devwa sivik yo. Danje pou se moun ki pa gen lejitimite k ap vin reprezante oswa dirije peyi a ap toujou kontinye lè elektè yo pa soti al vote.

Komisyon an salye kouraj tout moun ki te patisipe pou reyalizasyon jounen vòt 9 dawou 2015 lan, li dispoze resevwa doleyans ak temwanyaj moun ki vle sou lotè zak vyolans yo te viv anvan ak pandan jounen vòt sa a.

Jocelyne Colas NOEL
APOLLON, Av
Direktris Nasyonal
Obsèvasyon
Telefòn: 3912 3292

Rovelsond
Reskonsab
Tel: 37473246